



# Atlantic Health System

## Règleman Administratif

**Sijè:** Èd Finansye pou Pasyan Ki Pa Touche Ase Revni, Ki Pa Gen Asirans Epi Ki Pa Gen Ase Asirans

**Dat li Anvigè:** 01/01/2020

**Depase Dat Règleman:** 01/01/2019

01/01/2018

01/01/2017

01/01/2016

03/06/2015

## Responsablite Prensipal: Direktè – Sèvis Finansye pou Pasyan

### I. Objektif:

Pou asire tout pasyan yo resevwa sèvis swen sante ki nesèsè pou ijans ak lòt sèvis ki nesèsè pou rezon medikal nou bay nan sant medikal lopital Atlantic Health System, Inc. (“Atlantic Health System”) kèlkeswa mwayen yo pou yo peye. Règleman sa a dwe aplike pou nenpòt lopital Atlantic Health System, tankou Morristown Medical Center, Overlook Medical Center, Chilton Medical Center, Newton Medical Center, Hackettstown medical Center ak Atlantic Rehabilitation Institute, ak nenpòt etablisman Atlantic Health System ke yo chwazi kòm pwofesyonèl swen sante-dapre 42 C.F.R. 413.65.

### II. Règleman:

Atlantic Health System gen yon règleman pou asire tout pasyan yo resevwa sèvis swen sante ki nesèsè pou ijans ak lòt sèvis swen sante ki nesèsè pou rezon medikal nou bay nan sant medikal lopital la kèlkeswa mwayen yon pasyan genyen pou li peye. Gen èd finansye ki disponib nan anpil kalite pwogram jan sa dekri nan Seksyon IV annapre a pou pasyan ki pa touche ase revni, pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans epitou ki pa gen mwayen pou peye tout bòdwo lopital yo oswa yon pati ladan. Règleman sa a dwe aplike tou pou nenpòt sant medikal lopital Atlantic Health System, jan sa endike anwo a, ak nenpòt sant medikal Atlantic Health System ki deziyen kòm pwofesyonèl swen sante-dapre règleman federal ki detèmine kondisyon pwofesyonèl swen sante nan 42 C.F.R. 413.65.

Èd finansye a ak rabè yo disponib sèlman pou sèvis swen sante pou ijans ak pou lòt sèvis swen sante ki nesèsè pou rezon medikal. Kèk sèvis, tankou men pa sèlman, frè doktè, frè anestezi, entèpretasyon radyoloji ak preskripsyon pou pasyan ki pa entène apa avèk frè lopital la reklame yo, epi yo pa kalifye pou èd finansye nan Atlantic Health System. Ou kapab jwenn yon lis tout pwofesyonèl swen sante, medikal lopital poukont yo, ki bay swen sante pou ijans

ak lòt swen sante ki nesèsè pou rezon medikal nan sant medikal lopital la, selon sant medikal la, ki endike ki pwofesyonèl swen sante ki konsène nan Règleman konsènan Èd Finansye (Financial Assistance Policy, “FAP”) ak sa ki pa konsène, nan Dokiman Siplèmantè Apandis Apandis A nan FAP sa a. N ap revize lis 2 pwofesyonèl swen sante yo chak trimès epitou n ap fè mizajou ladan yo si li nesèsè.

### III. Jeneral:

- A. Atlantic Health System ap bay sèvis swen sante, pasyan ki entènè ak pasyan ki pa entènè, pou tout moun k ap viv nan New Jersey ki bezwen swen sante pou ijans oswa swen sante ki nesèsè pou rezon medikal, kèlkeswa mwayen pasyan an pou peye pou sèvis sa yo epitou kèlkeswa si ak ki limit pasyan yo ka kalifye pou èd finansye a dapre FAP sa a.
- B. Atlantic Health System p ap fè okenn aksyon ki dekouraje moun yo chèche swen medikal pou ijans, tankou lè nou mande pou pasyan ki nan departman ijans yo peye anvan yo resevwa tretman oswa lè nou aksepte aktivite rekouvremant dèt nan departman ijans lan oswa nan lòt zòn kote aktivite yo kapab nuizib pou nou bay swen sante pou ijans sou yon baz san diskriminasyon.
- C. FAP Atlantic Health System, aplikasyon pou èd finansye a ak Rezime ki nan Langaj Klè ak Senp (Plain Language Summary, “PLS”) disponib sou entènèt sou sitwèb ki endike anba la a: <http://www.atlantichealth.org/financialassistance>
- D. FAP Atlantic Health System, aplikasyon pou èd finansye ak PLS disponib nan lang Anglè ak nan lang natifnatal popilasyon ki pa pale Anglè byen epi ki reprezante mwens pase 1,000 moun oswa 5% kominote zòn sèvis prensipal la chak sant medikal lopital la ap sèvi. Tradiksyon FAP, aplikasyon pou èd finansye ak PLS disponib nan lang ki endike nan Dokiman Siplèmantè Apandis Apandis B pou FAP sa a. N ap fè tout efò posib pou asire nou kominike FAP, aplikasyon pou èd finansye ak PLS aklè ba pasyan ki pa gen lang natifnatal yo ki pa endike nan tradiksyon ki disponib yo.
- E. Kopi sou papye FAP, aplikasyon pou èd finansye ak PLS disponib sou demann pa lapòs, gratis, epitou nou bay yo nan anpil zòn toupatou nan sant medikal lopital la, tankou departman admisyon yo, departman ijans yo, ak biwo konsèy finansye ki endike anba la a. Ou kapab remèt aplikasyon pou èd finansye ou fas-a-fas, pa lapòs, nan faks, oswa nan imè.

#### Biwo Konsèy Finansye:

Morristown Medical Center: 100 Madison Avenue, Morristown, New Jersey 07960, Financial Counseling Office, Phone # 973-971-8964

Overlook Medical Center: 99 Beauvoir Avenue, Summit, New Jersey 07901, Financial Counseling Office, Phone # 908-522-4689

Chilton Medical Center: 97 West Parkway, Pompton Plains, New Jersey 07444, Financial Counseling Office, Phone # 973-831-5113

Newton Medical Center: 175 High Street, Newton, New Jersey 07860, Financial Counseling Office, Phone # 973-579-8407

Hackettstown Medical Center: 651 Willow Grove Street, Hackettstown, New Jersey 07840, Financial Counseling Office, Phone # 908-850-6902

Atlantic Rehabilitation Institute: 100 Madison Avenue, Morristown, New Jersey 07960, Financial Counseling Office, Phone # 973-971-8964.

- F. Si pasyan yo bezwen èd pou yo jwenn kopi sou papye FAP, aplikasyon pou èd finansye oswa PLS, oswa si yo bezwen lòt èd, yo kapab kontakte Depatman Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-800-619-4024 oswa yo kapab kontakte Biwo Konsèy Finansye li endike anwo a.
- G. N ap mete pano oswa afich ki vizib nan lokal lopital piblik ki piblik yo tankou zòn admisyon yo, depatman ijans yo, ak Biwo Konsèy Finansye ki bay pasyan yo avi ak enfòmasyon sou disponiblite èd finansye a.
- H. N ap ofri PLS pou tout pasyan yo nan pwosesis admisyon an.
- I. Atlantic Health System angaje pou ofri èd finansye pou pasyan kalifye ki pa gen mwayen pou peye pou sèvis swen sante pou ijans ak lòt sèvis swen sante ki nesese pou rezon medikal nan tout oswa nan yon pati ladan. Pou nou kapab reyalize objektif charite sa a, Atlantic Health System ap fè reklam pou FAP sa a, aplikasyon pou èd finansye a ak PLS la nan kominote l ap sèvi yo nan kolaborasyon avèk sèvis sosyal lokal yo ak ajans ki pa fè pwofi yo.
- J. Pasyan yo oswa reprezantan yo ka mande èd finansye a. Atlantic Health System gendwa refere pasyan oswa reprezantan bay konseye finansye, medsen referan oswa lòt. Konseye finansye yo pral eksplike egzijans pou pwogram èd finansye yo epi pral detèmine si wi ou non yon pasyan kalifye pou yon pwogram èd finansye ki disponib. Pasyan sa yo ki bezwen èd finansye pral genyen egzijans pou ranpli aplikasyon pou èd finansman Atlantic Health System (tankou paj sètifikasyon an) epi bay dokimantasyon sipò ke yo mete nan aplikasyon an yon fason pou yo konsidere aplikasyon w lan pou èd finansye. N ap itilize dokiman ki tradui ak sèvis entèprèt, jan sa nesese, pou fasilite komunikasyon serye avèk moun ki pa pale Anglè byen.
- K. Yon pasyan ki pa gen asirans ap gen jiska 365 jou apre premye etadkont bòdwo li apre egzeyat li pou li remèt yon aplikasyon li ranpli pou èd finansye. Yon pasyan ki gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ap gen jiska 365 jou apre premye etadkont bòdwo li apre egzeyat li pou montre yon konpayi asirans ap travay sou sa pou pasyan an remèt yon aplikasyon li ranpli pou èd finansye.

#### **IV. Pwogram Èd Finansye:**

Pasyan Atlantic Health System yo ka kalifye pou swen sante gratis oswa pou swen sante avèk rabè anba anpil kalite pwogram ki dekri anba la yo. Nan chak ka, Atlantic Health System ap decide pou bay èd finansye a nan yon kantite lajan ki egal a frè brit pou sèvis nou bay yo, total kantite lajan pasyan an oswa konpayi asirans pasyan an (si li genyen) ak nenpòt pwogram ranbousman gouvènman peye oswa peman pou sèvis yo. Atlantic Health System p ap rapòte kantite lajan total yo (selon aplikasyon yon pwopòsyon depans-pou-frè, nan ka kote nou rapòte èd finansye a kòm sadwa dapre depans yo alapas frè yo) kòm èd finansye òganizasyon an bay.

## A. Pwogram Eta New Jersey yo:

### 1. Charity Care:

Pwogram sa a garanti sèlman frè lopital pou swen pou yon tan kout pou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal ki ta garanti anba pwogram Medicaid Eta a si pasyan an te kalifye pou Medicaid. Biwo Konsèy Finansye a ap fè yon detèminasyon pou endike si moun ki aplike a kalifye anvan dis (10) jou ouvrab apati jou nou te resevwa premye fòm aplikasyon ki ranpli a. Si aplikasyon an pa fin ranpli (pa egzanp, pasyan an pa bay yon demann prèv revni/resous oswa sa li bay la pa apwopriye, n ap bay yon refi alekri, k ap endike detay lòt dokiman nou bezwen pou apwouve demann èd finansye a. Yon ki aplike ki pa gen asirans ap gen jiska 365 jou apati dat premye etadkont bòdwo li apre egzeyat li pou re-aplike pou Charity Care avèk dokiman ki obligatwa yo. Yon ki aplike ki gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ap gen jiska 365 jou apati dat premye etadkont bòdwo li apre egzeyat li pou montre yon konpayi asirans ap travay sou sa pou li re-aplike pou Charity Care avèk dokiman ki obligatwa yo. Yon pasyan ki kalifye pou Charity Care ap resevwa swen sante gratis oswa yon rabè sou frè brit yo, dapre gid ki endike nan **Apandis C**.

Moun ki aplike epi ki kalifye yo ka re-aplike nan yon dat apre lè yo prezante pou sèvis yo ak lè sitiyasyon finansye yo chanje.

Charity Care se yon pwogram Eta a ki disponib pou moun k ap viv nan New Jersey epi ki:

- a. Pa gen pwoteksyon asirans oswa ki gen pwoteksyon ki peye sèlman pou yon pati nan bòdwo a,
- b. Pa kalifye pou okenn pwoteksyon prive oswa pwoteksyon gouvènman finanse (tankou Sekirite Sosyal (retrete ak andikap); Revni Sekirite Sosyal Sipleman (Supplemental Social Security Income, SSI), ki akonpaye avèk Medicaid; oswa Medicaid), epi
- c. Satisfè kritè Leta mete anplas pou kalifye dapre revni ak resous.

Lòt kritè ki obligatwa pou kalifye pou Charity Care:

- a. N ap evalye pasyan yo pou pwogram Charity Care ki kouvri (i) 100% frè yo pou pasyan ki gen yon revni fanmi anvan dediksyon ki pi piti pase 200% nivo federal povrete; epi (ii) ki garanti yon pòsyon frè yo pou pasyan ki gen revni fanmi anvan dediksyon ant 200% ak 300% nivo federal povrete dapre gid ki endike nan **Apandis C**.
- b. Limit kalifikasyon Charity Care se yon limit endividyèl aktif 7 500\$ ak yon limit aktif 15 000\$ pa fanmi. An rezon Seksyon sa a, manb fanmi ki gen aktif yo y ap konsidere defini nan N.J.A.C. 10:52-11.8(a) nan fason ki vini annapre a. Kantite moun ki nan fanmi an pou moun adilt ki aplike a gen ladan moun ki aplike a, madanm/mari li, ak timoun minè l ap sipòte yo, ak adilt moun ki aplike a responsab legalman. Kantite moun ki nan fanmi pou timoun minè ki aplike gen ladan paran yo, madanm/mari yon paran, frè/sè timoun minè a ak nenpòt adilt nan fanmi an paran moun ki aplike a responsab legalman. Si yon moun ki aplike endike nan aplikasyon an yon

madanm/mari oswa paran te abandone li, lè sa a nou pa dwe mete madanm/mari sa a oswa paran an kòm yon manm fanmi. Yon fanm ansent konte pou de (2) manm fanmi an.

Dokiman ki obligatwa yo dapre Seksyon Manyèl Sèvis Lopital Charity Care N.J.A.C. 10:52 ak seq., genyen ladann:

- a. Bon ja dokiman ki idantifye pasyan an ak fanmi li. Sa ka gen ladann: lisans chofè, kat sekirite sosyal, kat anrejistreman etranje, batistè, souch chèk peman, paspò, viza, elatriye.
- b. Prèy adrès nan New Jersey apati dat sèvis la (nòt: nan kèk sikonstans, swen pou ijans se yon eksepsyon pou kondisyon adrès la). Sa ka gen ladann sa ki annapre yo: lisans chofè, kat anrejistreman elektè, kat manm sendika, kat idantifikasyon plan asirans oswa èd sosyal, kat idantifikasyon elèv, bòdwo sèvis piblik, fòm deklarasyon taks federal sou revni, fòm deklarasyon taks leta sou revni, oswa yon etadkont avantaj chomaj.
- c. Prèy revni anvan dediksyon. Sa ta dwe gen ladan detay lopital egzijè pou nou detèmine revni pasyan an anvan dediksyon (youn nan sa ki endike anba la yo):
  - i. Vrè revni anvan dediksyon pou 12 mwa anvan sèvis yo.
  - ii. Vrè revni anvan dediksyon pou 3 mwa anvan sèvis yo.
  - iii. Vrè revni anvan dediksyon pou mwa imedyatman anvan sèvis yo.
- d. Prèy resous apati dat sèvis la. Dokiman sa yo se dokiman ki kapab konvèti an lajan kach fasil tankou aksyon, obligasyon, IRA, CD, kont kouran ak kont-depay oswa ekite nan yon kay ki pa adrès prensipal pasyan an.

## 2. Kalifikasyon pou Swen avèk Rabè Anba N.J.S.A. 26:2H-12.52:

Pasyan ki pa gen asirans yo, k ap viv nan New Jersey epi ki gen revni fanmi yo anvan dediksyon ki se 500% nivo federal povrete ap kalifye pou resevwa swen sante avèk rabè dapre Seksyon IV.B. FAP. Obligasyon pou bay dokiman ki nesèsè yo pou Charity Care epi ki endike nan Seksyon A.1. anwo a aplike pou detèminasyon kalifikasyon anba Seksyon sa a, men limit resous moun nan ak fanmi li pa dwe aplike pou kalifikasyon pou swen sante avèk rabè anba Seksyon sa a.

## 3. Pwogram Fon pou Soulajman Akòz Maladi ki Grav Anpil sou Timoun:

Pwogram Fon pou Soulajman akòz Maladi ki Grav Anpil sou Timoun (Catastrophic Illness in Children Relief Fund Program) Eta New Jersey bay èd finansye pou fanmi timoun ki gen yon maladi ki grav anpil. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon, depans ki admisib, ak fòm aplikasyon pou èd la sou sitwèb <http://www.state.nj.us/humanservices/cicrf/home/>.

## 4. Biwo Konpansasyon New Jersey pou Moun ki Viktim nan Krim:

Eta New Jersey mete anplas Biwo Konpansasyon New Jersey pou Moun ki Viktim nan Krim (New Jersey Victims of Crime Compensation Office) pou konpanse moun ki viktim nan krim pou pèt ak depans yo fè, tankou sèten depans medikal

akòz sèten zak kriminèl. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon, depans ki admisib, ak fòm aplikasyon pou èd la sou sitwèb <http://www.nj.gov/oag/njvictims/application.html>.

## **B. Peman Pèsonèl:**

### **1. Rezidan New Jersey**

Y ap chaje pasyan ki pa ki pa gen asirans ki pa kalifye pou CHarity Care oswa nenpòt lòt kalite pwogram èd finansye Federal oswa Leta nan fason ki vini annapre a:

- i. Pasyan ki entène: Pasyan ki resevwa tretman ki nesèsè pou rezon medikal kòm pasyan ki entène ap gen pou peye tarif DRG Medicare plis 15% pou sèvis yo resevwa a.
- ii. Pasyan ki pa entène: Y ap chaje pasyan k ap resevwa sèvis san yo pa rete nan Morristown Medical Center ak Overlook Medical Center ak yon diskont 40% sou chaj lopital la. Pasyan Newton Medical Center yo resevwa 88% diskont, pasyan ki pa nan Chilton Medical Center ap resevwa diskont 82.4% ak pasyan ki pa nan Hackettstown Medical Center ap resevwa 89% diskont.

### **2. Pasyan ki pa nan Eta a ak pasyan etranje yo**

- a. Pasyan ki entène: Pasyan ki resevwa tretman ki nesèsè pou rezon medikal kòm pasyan ki entène ap gen pou peye tarif DRG Medicare plis 25% pou sèvis yo resevwa a.
- b. Pasyan ki pa entène: Y ap chaje pasyan k ap resevwa sèvis san yo pa rete nan Morristown Medical Center ak Overlook Medical Center ak yon diskont 40% sou chaj lopital la. Pasyan Newton Medical Center yo resevwa 88% diskont, pasyan ki pa nan Chilton Medical Center ap resevwa diskont 82.4% ak pasyan ki pa nan Hackettstown Medical Center ap resevwa 89% diskont.

## **C. Kantite Lajan yo Faktire**

Pasyan ki pa gen asirans, k ap viv nan New Jersey, ki gen revni fanmi anvan dediksyon ki anba 500% nivo povrete federal ki pa kalifye pou pwogram èd finansye gouvènman federal oswa Leta finanse (avèk eksepsyon Charity Care) ap gen yon diskont ki aplike sou kont yo dapre Seksyon IV. Nan moman yo soumèt yon aplikasyon pou èd finansye ak detèmine ke yon pasyan kalifye pou èd finansye anba Seksyon sa a, l ap gen pou peye mwens AGB oswa tarif Medicare ki apwopriye a plis 15%.

Atlantic Health System chwazi pou itilize metòd Rekiperasyon pou chak sant medikal lopital apa. Men pousantaj AGB yo (dapre sant medikal lopital la) yo:

Morristown Medical Center: 25.6%  
Overlook Medical Center: 26.4%  
Chilton Medical Center: 19.2%  
Newton Medical Center: 14.4%  
Hackettstown Medical Center: 14.4%  
Atlantic Rehabilitation Institute: 27.6%

Daprè Seksyon (r) Kòd Revni Entèn nan, chak etablisman lopital sèvi ak Metòd Gade-Dèyè a pou li kalkile pousantaj espesifik AGB li. Pousantaj AGB yo te kalkile sou baz tout reklamasyon yo te fè pandan yon peryòd 12-mwa divize pa total frè ki asosye ak reklamasyon sa yo. Yo te chwazi fòmil peman sa a pou tout etablisman lopital yo: Frè-pou-sèvis Medicare + Tout Asirans Prive yo.

N ap re-detèmine pousantaj AGB yo chak ane nan sanven (120) jou apre ane sivil la fini. Si pousantaj AGB nou kalkile a lakòz vinfè gen yon kantite lajan ki pi **piti pase** kantite lajan pasyan an dwe, pasyan an ap responsab sèlman pou peye kantite lajan nou kalkile a anba AGB.

Si pousantaj AGB nou kalkile a lakòz vinfè gen yon kantite lajan ki pi **plis pase** kantite lajan pasyan an dwe, pasyan an ap responsab pou peye kantite lajan nou kalkile a anba pwogram èd finansye ki dekri anwo a.

## V. Règleman konsènan Faktirasyon ak Rekouvremant

Seksyon sa a endike règleman ak pwosedi konsènan faktirasyonbòdwo ak rekouvremant ak pwosedi Atlantic Health System, epitou li eksplike aksyon nou ka fè si yon pasyan pa peye yon bòdwo pou swen medikal, tankou yon bòdwo pou yon règ balans apre nou aplike rabè èd finansye a. N ap bay yon kopi FAP pou Ajans rekouvremant ak avoka k ap aji nan non Atlantic Health System.

Chak etadkont bòdwo ap gen ladan yon avi klè ki konsène disponiblite èd finansye, ansanm avèk yon nimewo telefòn pou Biwo Konsèy Finansye yon sèten sant medikal lopital la kote yon pasyan kapab resevwa enfòmasyon sou FAP ak èd pou aplikasyon li pou èd finansye a. Etadkont bòdwo a ap gen ladan tou adrès sitwèb kote ou kapab jwenn kopi FAP, aplikasyon pou èd finansye, ak PLS.

- A. Peryòd pou bay avi: Atlantic Health System ap bay pasyan yo bòdwo pou nenpòt balans yo pa peye imedyatman nou konfime pasyan an gen yon balans lan. Pou pasyan ki pa gen asirans y, premye etadkont bòdwo apre egzeyat yo ap make kòmansman peryòd 120 jou pou bay yo avi kote nou ka fè aksyon rekouvremant ki pa ekstrawòdinè (extraordinary collection actions, "ECA") kont pasyan an (jan sa defini anba la a). Pou pasyan ki gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans yo, premye etadkont bòdwo apre egzeyat yo ki montre yon asirans ap travay sou reklamasyon yo ap make kòmansman peryòd 120 jou pou nou avi kote nou ka fè ECA kont pasyan an ("peryòd 120 jou pou bay avi").
- B. Lè yon pasyan anreta nan peman li, n ap voye yon avi ba pasyan an pou mande li pou nou diskite sou etadkont bòdwo a pou nou detèmine si èd finansye oswa yon nouvo plan peman oswa yon plan peman revize nesèsè. Atlantic Health System ka satisfè pasyan ki mande epi ki detèmine plan peman yo.
- C. Lè nou pa resevwa peman nan fen peryòd 120 jou pou bay avi a, epi lè yon pasyan pa t aplike pou èd finansye oswa lè pasyan an pa t fè aranjman avèk Biwo Konsèy Finansye sant medikal la oswa Biwo Sèvis Kliyantèl Sant Medikal la pou yon lòt plan peman, n ap voye kont pasyan an ba yon ajans rekouvremant. Atlantic Health System ap ekri pasyan pou fè li konnen n ap voye kont pasyan li nan yon ajans rekouvremant si nou pa resevwa peman an nan 10 jou ("Avi Final" la). Avi Final la ap fè pasyan an konnen gen èd finansye ki disponib pou pasyan ki kalifye yo, epitou l ap gen ladan yon nimewo telefòn pou rele Biwo Konsèy Finansye sant medikal lopital ki konsène a kote yon pasyan kapab resevwa enfòmasyon sou FAP ak èd avèk pwosesis aplikasyon pou resevwa èd finansye. Etadkont

bòdwo a ap gen ladan tou adrès sitwèb kote pasyan an kapab jwenn kopi FAP, aplikasyon pou èd finansye, ak PLS.

- D. Atlantic Health System ka otorize ajans rekouvremant yo ak avoka k ap travay sou non Atlantic Health System (yon "Òganizasyon Endepandan") pou fè ECA sou kont anreta pasyan an apre peryòd 120 pou bay avi a. Lè nou voye yon kont ba yon Òganizasyon Endepandan, Òganizasyon Endepandan an ap konfime si yo te fè efò rezonab pou detèmine si yon pasyan kalifye pou èd finansye anba FAP epitou si yo te fè aksyon ki endike anba la yo anvan yo fè yon ECA:
1. Pasyan an te resevwa avi ("Lèt sou 30 Jou") ki: (a) endike èd finansye disponib pou pasyan ki kalifye yo; (b) idantifye ECA(yo) Òganizasyon Endepandan an gen entansyon fè pou resevwa peman pou swen sante a; epitou (c) endike yon dat limit apre lè yo ka fè ECA yo (dat limit lan se egzakteman 30 jou apre dat pasyan an resevwa avi a);
  2. Lèt sou 30 Jou a te gen ladan yon kopi yon rezime FAP an langaj ki klè ak senp; epi
  3. Atlantic Health System ak/oswa Òganizasyon Endepandan an te fè efò rezonab pou fè pasyan an konnen FAP aloral ak fason pasyan an ka jwenn èd finansye avèk pwosesis aplikasyon pou èd finansye a.
- E. Lè Òganizasyon Endepandan yo konfime yo te fè efò rezonab pou detèmine si yon pasyan kalifye pou èd finansye anba FAP, Òganizasyon Endepandan yo ka fè ECA ki endike anba la yo kont yon pasyan pou yo resevwa peman pou swen sante a:
1. Aksyon ki egzije yon pwosesis legal oswa jidisyèl, tankou, men pa sèlman:
    - a. Mete yon dwa privilèj sou pwopriyete pasyan an, sof si gen endikasyon kontrè nan I.R.C. Seksyon 501 (r)
    - b. Konfiske oswa sezi kont labank yon pasyan;
    - c. Kòmanse yon aksyon sivil kont yon pasyan;
    - d. Sezi salè yon pasyan.
  2. ECA yo pa gen ladan dwa privilèj sou lajan pasyan an touche nan jijman pou chòk pèsonèl, aranjman, oswa konpwomi, ni nan reklamasyon pasyan an fè nan fayit.
- F. Si nou resevwa yon aplikasyon ki pa byen ranpli pou èd finansye, Atlantic Health System ap bay pasyan an yon avi alekri ki dekri lòt enfòmasyon oswa dokiman ki obligatwa pou detèmine si pasyan an kalifye pou FAP. Atlantic Health System ap fè Òganizasyon Endepandan yo konnen yon pasyan an te remèt yon aplikasyon ki pa byen ranpli pou èd finansye, epi Òganizasyon Endepandan an ap sispann ECA yo pou yon peryòd 30 jou pou jwenn peman pou swen sante a.
- G. Si nou resevwa yon aplikasyon ki byen ranpli pou èd finansye, Atlantic Health System ap asire sa ki endike anba la yo fèt:
1. N ap sispann ECA yo kont pasyan an.
  2. N ap detèmine si pasyan an kalifye epitou n ap endike sa nan dokiman nan yon manyè apwopriye;
  3. Atlantic Health System ap fè pasyan an konnen detèminasyon alekri ak rezon pou detèminasyon an;



4. N ap bay yon etadkont bòdwo modifye k ap endike kantite lajan pasyan ki kalifye pou FAP la dwe (si li kalifye), kijan nou te kalkile kantite lajan an ak pousantaj AGB ki anvigè a;
5. Poutèt sa, n ap ranbouse nenpòt kantite lajan yo peye ki depase kantite lajan pasyan ki kalifye pou FAP la (si genyen); epi
6. Òganizasyon Endepandan yo ap pran mezi rezonab pou anile nenpòt ECA yo te fè kont pasyan yo pou yo fè rekouvreman dèt la tankou retire yon jijman oswa retire prelevman oswa dwa privilèj la.

H. Si nenpòt nan sant medikal lopital la sipoze yon pasyan kalifye, sa ki endike anba la a ap obligatwa:

1. Si nou sipoze n ap detèmine yon pasyan kalifye pou mwens pase pifò èd jenere ki disponib anba FAP, lè sa a Atlantic Health System ap:
  - a. Bay pasyan an yon avi konsènan baz pou detèminasyon kalifikasyon li pou FAP avèk sipozisyon epitou n ap eksplike pasyan an kijan pou li aplike pou plis èd jenere;
  - b. Bay pasyan an yon peryòd tan rezonab pou li aplike pou plis èd jenere anvan nou bay otorizasyon pou fè ECA yo pou nou resevwa peman nou kalkile avèk rabè;
  - c. Re-detèmine si pasyan an kalifye oswa pa kalifye si nou resevwa yon aplikasyon ki ranpli pou èd finansye a.

Referans:

Internal Revenue Service, 26 CFR Pati 1, 53, ak 602, Lòt Kondisyon pou Lopital ki Bay Charite; Evalyasyon Bezwen Sante Kominotè pou Lopital ki Bay Charite; Kondisyon yon Seksyon 4959 Deklarasyon Taks Endirèk ak Lè pou Ranpli Fòm Deklarasyon Taks; Règ Final; N.J.S.A. 26:2H-12.52; N.J.A.C. 10:52

---

Brian Gragnolati, Prezidan/Direktè Jeneral      Dat  
Atlantic Health System, Inc. Page 10 of 13

## ANEKS A

### LIS PWOFEZYONÈL SWEN SANTE

Règleman Asistans Finansye ("FAP") Atlantic Health System, Inc. ("Atlantic Health System") ta dwe aplike pou ijans oswa lòt swen medikal nesesè nan sistèm lopital Atlantic Health System nan oswa bay etablisman pou pasyan ki pa etène ke AHS Hospital Corp. ki se yon filyal Atlantic Health System faktire.

FAP la ta dwe aplike tou nan ka ijans ak lòt swen medikal nesesè pou pasyan ki entène ke y ap bay nan yon lopital Atlantic Health System ke doktè Practice Associates Medical Group, P.A. d/b.a Atlantic Medical Group ("AMG") ap bay. FAP pa ta dwe aplike pou fakti pwofesyonèl ke doktè AMG bay deyò yon sistèm lopital Atlantic Health.

LOT FOUNISE GENDWA PATISIPE NAN SWEN W NAN ATLANTIC HEALTH SYSTEM HOSPITALS AK NAN ETABLISMAN POU PASYAN KI PA ETENE. SI FOUNISE SA YO P AT SITE ESPESIFIKMAN PI WO A, YO P AP SWIV REGLEMAN ED FINANSYE ATLANTIC HEALTH SYSTEM. OU PRAL RESEVWA FAKTI APA PARAPO AK LOT FOUNISE YO EPI W PRAL BEZWEN FE ARANJMAN PEMAN JAN SA NESESE.

Lis founisè sa a pral revize epi aktyalize chak twa mwa, si sa nesesè. Pou asistans ak kesyon ki gen rapò ak FAP oswa Lis Founisè sa a, tanpri rele Depatman Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-800-619-4024. Paj 11 sou 12

## ANEKS B

Tradiksyon FAP, aplikasyon pou èd finansye ak PLS disponib nan lang Anglè ak lang ki anba la yo:

Arab

Amenyen

Chinwa

Kreyòl ki baze sou Fransè

Grèk

Goujarati

Endi

Italyen

Japonè

Koreyen

Polonè

Pòtigè

Ris

Sèbo-Kowat

Panyòl

Tagalòg

**KRITÈ DAPRE REVNI**  
**"CHARITY CARE AK KRITÈ REDUI POU KALIFYE POU CHARITY CARE**  
**Anvigè: 31 mas 2019**

Pasyan yo Dwe Satisfè Kritè dapre Revni ak Kritè dapre Resous Alafwa

**KRITÈ DAPRE REVNI**

Pousantaj Frè Pasyan an Peyè Lè  
 Revni Anyèl Li Anvan Dediksyon nan Limit ki Endike Anba la yo

	<b>Pasyan an ap Peyè: 0% Frè yo</b>	<b>Pasyan an ap Peyè: 20% Frè yo</b>	<b>Pasyan an ap Peyè: 40% Frè yo</b>	<b>Pasyan an ap Peyè: 60% Frè yo</b>	<b>Pasyan an ap Peyè: 80% Frè yo</b>	<b>Pasyan an ap Peyè: 100% Frè yo</b>
<b>Kantite moun ki nan Fanmi an</b>	<b>&lt;=200%</b>	<b>&gt;200&lt;=225%</b>	<b>&gt;225&lt;=250%</b>	<b>&gt;250&lt;=275%</b>	<b>&gt;275&lt;=300%</b>	<b>&gt;300%</b>
1	\$24,980 oswa mwens	\$24,981 jiska 28,103	\$28,104 jiska \$31,225	\$31,226 jiska 34,348	\$34,349 jiska \$37,470	\$37,471 oswa plis
2	\$33,820 oswa mwens	\$33,821 jiska \$38,048	\$38,049 jiska \$42,275	\$42,276 jiska \$46,503	\$46,504 jiska \$50,730	\$50,731 oswa plis
3	\$42,660 oswa mwens	\$42,661 jiska 47,993	\$47,994 jiska \$53,325	\$53,326 jiska \$58,658	\$58,659 jiska \$63,990	\$63,991 oswa plis
4	\$51,500 oswa mwens	\$51,501 jiska \$57,938	\$57,939 jiska \$64,375	\$64,376 jiska \$70,813	\$70,814 jiska \$77,250	\$77,251 oswa plis
5	\$60,340 oswa mwens	\$60,341 jiska \$67,883	\$67,884 jiska \$75,425	\$75,426 jiska \$82,968	\$82,969 jiska \$90,510	\$90,511 oswa plis
6	\$69,180 oswa mwens	\$69,181 jiska \$77,828	\$77,829 jiska \$86,475	\$86,476 jiska \$95,123	\$95,124 jiska \$103,770	\$103,771 oswa plis
7	\$78,020 oswa mwens	\$78,021 jiska \$87,773	\$87,774 jiska \$97,525	\$97,526 jiska \$107,278	\$107,279 jiska \$117,030	\$117,031 oswa plis
8	\$86,860 oswa mwens	\$86,861 jiska \$97,718	\$97,719 jiska 108,575	\$108,576 jiska \$119,433	\$119,434 jiska \$130,290	\$130,291 oswa plis

Pou fanmi ki gen plis pase 8 man, ajoute kantite lajan ki anba la yo pou rive nan pi gwo kantite lajan an nan chak kolòn pou chak manm fanmi anplis.

	\$8,840	\$9,945	\$11,050	\$12,155	\$13,260
--	---------	---------	----------	----------	----------

\* Yon fanm ansent konte kòm 2 manm fanmi.

Si pasyan ki sou 20% a 80% echèl vrè varyab pou depans medikal admisib yo peye avèk lajan pòch yo depase 30% revni anyèl yo anvan dediksyon (sètadi bòdwo lòt moun ki konsène yo pa peye), lè sa a n ap konsidere kantite lajan ki depase 30% kòm èd lopital la nan peman (swen pou charite).

## **KRITÈ DAPRE RESOUS**

Resous moun nan pa kapab depase \$7,500 dola epitou resous fanmi an pa kapab depase \$15,000 dola.

31 mas